

Opinyon w enpòtan !

Premye septanm 2016 – 30 jen 2017



Chak ane, Depatman ansèyman primè ak segondè Massachusetts [Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education (ESE)] la fè sondaj sou fanmi elèv yo ki gen yon IEP (Pwogram edikasyon endividyalize) nan distri lekòl yo chwazi yo pou detèmine nan ki mezi lekòl timoun ou an kominike avè w ak ankouraje angajman w nan edikasyon timoun ou an. Ane sa a se tou pa distri w la. Sondaj la ki ap fèt sou entènèt la ap kòmanse apati **premye septanm 2016 pou rive 30 jen 2017**.

Ou ka ranpli sondaj la sou entènèt oswa w ka itilize yon aparèy pòtab,
<http://www.surveygizmo.com/s3/3002932/26252d971e2d>

Ou kapab ranpli yon sondaj nan papyè tou epi voye l pa lapòs oswa mande distri w la pou l voye l nan adrès anba a.

Pale ak mètimoun ou an si w bezwen èd pou w gen aksè a sondaj la ak pou w ranpli l.

Patisipasyon w nan sondaj sa a ap ede distri lekòl ou a amelyore angajman familyal pou tout elèv yo.

Kilès k ap ranpli sondaj sou angajman familyal la ? Yo mande paran oswa responsab elèv lekòl ki gen yon IEP pou yo ranpli yon sondaj. Yo mande distri yo pou yo patisipe nan sondaj sa a yon fwa chak kat an. Ane sa a se tou pa distri w la pou l patisipe.

Mwen gen plis pase yon timoun ki gen yon IEP. Èske m dwe ranpli yon sondaj pou chak timoun ? Wi, ou dwe ranpli yon sondaj pou chak timoun. Tanpri asire w ou ranpli sèlman yon sondaj pou chak timoun ki gen yon IEP.

Kisa m dwe fè si m bezwen èd pou m jwenn sondaj la ak pou m ranpli l ?

Ou ka mande mètimoun ou an pou l ede w jwenn sondaj la ak ranpli l. Lekòl yo ap jwenn mwayen pou yo ede tout fanmi yo patisipe nan sondaj la.

Èske sondaj la ap konfidansyèl ? Sondaj la konplètman konfidansyèl epi li pap gen non w oswa non timoun ou an. Yo pap mande enfòmasyon pèsònèl ki ka pèmèt yo idantifye yon moun nan sondaj la.

Voye pa lapòs sondaj ou ranpli nan papyè yo bay :
Martha Daigle
Department of Elementary and Secondary Education
75 Pleasant Street
Malden, MA 02148

